

Èske w gen yon elèv k ap monte nan jadendanfan, klas premye, dezyèm oswa twazyèm ane?



Pandan ane lekòl 2024-2025 lan, elèv ki nan jadendanfan, klas premye, dezyèm ak twazyèm ane nan lekòl leta NYC yo (ansanm ak lekòl endepandan [charter schools] k ap patisipe yo) elijib pou Pwogram Ekonomize pou Invèsite (Save for College Program)!* Kèlkeswa estati revni oswa imigrasyon ou, **pitit ou a resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) gratis ki gen \$100 alokasyon inisyal sou li pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl.** Ou kapab swiv etap yo JODI A epi aprann kòman pou resevwa plis lajan pou kont pitit ou a! Pral gen posibilite tou pou resevwa lajan anplis apre yon tan.

Jwenn plis enfòmasyon:

- Pale ak lekòl pitit ou a
- Rele liy asistans telefonik NYC Kids RISE la nan 833-543-7473 pou w kapab jwenn enfòmasyon yo nan pwòp lang ou.
- Voye yon imèl bay info@nyckidsrise.org

Ale sou sitwèb nou an:



nyckr.org/about-SFCP

NYC Kids RISE jere Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a nan patenarya avèk Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYC Public Schools) yo ak Vil New York la.

*Sof si w chwazi pa patisipe ak anile enskripsyon w, pitit ou a ki elijib la enskri otomatikman nan Pwogram lan. Etandone yo te lanse Pwogram lan nan rejyon jeografik Distri Lekòl 30 lan apati lane 2017, tout elèv nan klas jadendanfan jiska klas senkyèm ane nan 39 lekòl pilòt yo kapab patisipe.